


Tigason ki Fè Pòtre Zwazo a: Istwa sou

John James Audubon



How do we investigate questions about nature?

Kouman nou mennen envestigasyon sou kesyon ki gen pou wè ak Lanati?

Nanpwen timoun nan epòk John James Audubon ki te konn monte paten, fè lachas, danse oswa patisipe nan jwèt bay blag pi byen pase li. Sepandan, sa li te renmen pi plis la, se te obsève zwazo depi solèy leve jiskaske l al kouche.

Li pa janm bliye anpil kè kontan li te toujou genyen lè limenm ak papa l te konn al pwomennen nan fon bwa tou pre lakay yo an Frans. Pandan y ap mache, papa l te toujou renmen pale sou zwazo ansanm ak bèl koulè plim yo, elegans yo lè y ap vole; epi sa k te pi bèl la, se mèwèy mistè zwazo k ap **disparèt** ann otòn epi k ap retounen o prentan te ye pou tout moun.

Lè John James gen dizuitan, papa Audubon mete l nan yon bato pou li rantre o Zetazini. Pi bon rezon papa a te genyen pou sa, se paske li pat vle James, ki te sèl pitit li, al batay pou Napoleon. James pat konnen si li t ap janm wè papa li ankò.

James te rete Pennsilvani, nan yon kay sou fèm arebò yon rivyè. Malgre mwa Avril te komanse deja, te rete anpil nèj nan twou gwo gwòt yo. Li grenpe monte rivyè a jiskaske li rive nan kav brik ak lacho yo. L ap mande tèt li kisa l pral twouve la jodi a. - Sèlman nich vid zwazo peewee a li te twouve senk jou pase yo? Oswa eske li kapab genyen ...

Ffh! Ffh! Ffh! Yon **pakèt** bri zèl salye James. Peewee *mouchwòl*(1) yo retounen! Tout zwazo, mal kon femèl kouri soti nan kav la. James kouri soti tou pou l'al akoupi kò l bò yon ti rivyè. Li gade epi li wè zwazo yo k ap mouye kò yo epi retounen monte pi wo san yo pa bliye sezi ti ensèk mwadme yo pandan y ap vole. James ap mande l: «Eske se menm peewee yo ki te fè nich yo la lane pase yo? Ki kote yo te pase ivè yo? Eske yo gen pou retounen lè prentan rive?»

Why did John James visit the cave?

Poukisa James John t al vizite gwòt la?

John James kouri sot nan raje a pou l ale jis nan kuizin kote li di byen fò: «Madan Toma! Madan Toma! Il y a des oiseaux!» Li pa menm wè si se Fransè l ap pale tèlman li te eksite. Madan Toma, se menajè papa Audubon te mete pou okipe kay fèm Mill Grove li genyen o Zetazini an. Madanm nan pat kontan ak James ki te vini ak rad li plen labou, epi ki te toujou ap pale sou zwazo. Depi James

leve soti nan kabann ni, tèt li ap travay sou zwazo. Sa fè Madan Toma reprimande l kon sa: « Mèt James! Li ta pi bon si w te plis pran swen fèm nan epi kouri mwens dèyè zwazo yo.»

Men John James te deja ap monte eskalye ki mennen nan **mize** li a, grenye chanm nan, epi li fè tankou li pat tande. Tout etajè, tab, tout kote ki gen espas te chaje ak ze, nich, branch bwa, plim ak anpil zwazo tankou pijon, maten pèchè ak pivè. Mi yo te kouvri ak desen zwazo siyen JJA ki fèt ak kreyon koulè ou selman ak kreyon nwa. Chak ane, li desann yo pou anivèsè li epi li brile yo pandan l ap panse fè lòt ki bon pou kenbe yon jou.

John James ale nan bwat liv li a, li pran liv istwa natirèl papa l te fè li kado yo. Apre li te fin li yo, li wè savan yo pa dakò youn ak lòt sou jan yo reponn kesyon li yo: Ki kote tizwazo yo ale ann ivè? Eske se menm zwazo yo ki retounen nan nich yo chak prentan? Chak savan sa yo te bay yon repons diferan.

Poutan Filozòf Grèk ki rele Aristòt la gen de mil ane depi li te bay repons pou yo. Li di ti zwazo yo pa **emigre**, yo pase sezon ivè yo anba dlo oswa nan twou bwa. Anpil savan jounen jodi a toujou mete yo dakò ak Aristòt. Yo di ti zwazo yo reyini ansanm, yo fè yon gwo boul, yo antremele bèk, zèl ak pye yo ansanm pandan tout ivè glase a. Gen kèk pechè menm ki di yo konn kenbe chenn zwazo sa yo nan filè yo. James fè konnen li pa janmen twouve chenn zwazo anba lanmè. Sa fè li pa kwè nan tout bagay savan yo di, tankou: zwazo **transfòme**, chanje yon espès pou yon lòt chak ane oswa zwazo pran swasant jou pou y al nan lalin lè yo vwayaje ann otòn epi retounen o prentan.

John James pat yon moun ki te konn pase anpil tan nan lekòl. Menm si li pat ka pase okenn egzamen, li te konsidere tèt li kòm yon natiralis. Se nan Lanati li etidye bèt yo pou li aprann abitud ak **konpòtman** yo. Lè li ale nan gwòt la, li pote liv, kreyon, papye ak flit li tou. Li di: «M pral desinen zwazo yo jan m wè yo a». Li fè jisteman sa li te di a paske limenm se yon timoun ki renmen rete plis deyò pase anndan kay. Apre yon semèn, zwazo yo te vin abitye ak li.

Yo pa okipe li tankou se te yon vye granmoun **delala**. Pandan John James ap li fab an franse, desinen oswa jwe flit, zwazo yo menm ap pote touf bab panyòl vèt, plim zwa ak moso labou byen mouye.

Prentan glise tonbe nan ete a ki fè yon soupi, epi sezon otòn nan parèt. John James kite je li louvri sou de nich k ap kale tibebe zwazo. Li t ap siveye lè jenn ti zwazo yo vole pou premye fwa paske li santi li fè pati ti fanmi sa. John James konnen nan otòn, lè jou yo vin pi kout, zwazo yo gen pou yo ale. Men sa ki pi enpòtan pou li konnen se si zwazo sa yo ap tounen ankò. Pandan l te nan kabann ni lannuit la, li komanse ap fè plan.

Nan demen maten, John James tann kon papa ak manman ti zwazo yo soti bò nich la, li pran yon tibebe zwazo. Li te li istwa wa **mwayennaj** yo ki mare yon riban nan pye fokon d valè pou yo konnen si yo retounen lè yo pèdi. Alò poukisa pou l pa mare, limenm tou, yon riban nan yon zwazo sovaj pou l konnen ki kote li ale? Pyès moun pat janm fè sa anvan! John James eseye mare riban ki te nan pòch li a nan pye yon ti zwazo pandan de fwa. Chak fwa, ti zwazo a demare l ak bèk li. Finalman,

James mache senk mil pou l ale achte yon kalite fil tise ki fèt ann ajan. Fil sa te swa epi li te solid tou. Li pran yon bout fil, li mare l yon jan lach nan youn nan pye chak ti zwazo yo.

Yon semèn apre, zwazo yo ale.

Why does John James tie a string around the baby birds' legs?
Poukisa John James te mare yon fisèl nan pye ti zwazo piti sa yo?

Pandan tout sezon ivè a, John James te rete nan mize li a pou l pentire desen li te fè ak kreyon nan gwòt la. Li espere, jou fèt anivèsè li, sove youn oswa de nan penti sa yo anba dife.

Kounye a ti rivyè a te glase anpil. Chak fwa John James pase devan gwòt la sou paten li, kesyon ki egziste depi de mil ane a toujou vin nan tèt li: «Kote ti zwazo yo ale? Èske yo toujou retounen nan menm nich yo o prentan?»

Jou yo tap vin pi long, glas yo te gen tan ap krake epi fonn. Yon maten, John James tande yon zwazo ap rele: «Fi..i – bi..i! Fi..i – bi..i!» Li kouri al nan gwòt la. Li lonje tèt li epi li vin mache anndan li. Femèl zwazo a pa soti anndan kav la tankou yon flèch yo tire ni zwazo mal la pa bat zèl li yo anwo tèt John James epi beke li. Okontrè, yo toulede pat okipe li tankou yon vye granmoun delala. Jan li wè zwazo yo ap monte desann nan gwòt la fè li konnen se zanmi l yo ki te retounen. «Ki kote zwazo bebe lane pase yo ye menm, sila yo ki vin granmoun kounye a ? Eske yo retounen tou? » Lamenn, li tonbe chache nan raje yo ansanm ak teren ki chaje ak pye fwi yo pou l wè si l ap tande bri yo.

How did John James know that his friends had returned?
Kouman John James vin konnen zanmi yo te retounen?

Nan preri a, anndan yon depo ranpli ak zèb, James twouve de zwazo k ap bati yon nich. Youn nan yo te gen yon fil tise ann ajan nan pye li. Pi devan nan ti rivyè a, anba yon pon, li twouve de lòt zwazo ankò k ap fè nich. Youn nan yo gen fil la nan pye li.

James pete yon rèl byen fò: «Wi! Menm zwazo yo retounen nan nich yo! Epi pitit yo fè nich yo tou pre yo!» Men ki moun ki pral tande li? Li deside ekri papa l yon lèt. «M ap di li sa mwen te aprann nan Amerik. Lè mwen vin pi gran, ma va jwenn yon fason pou m di lemonn antye sa.»

Li kouri retounen lakay li pou l ranmase kreyon l yo, papye ak flit li. Pandan l ap kouri li t ap di: «Fi..i – bi..i! Fi..i – bi..i!»

Note:

- (1) Mouchwòl: se nenpòt zwazo nan Vye Monn nan ki manje ti ensèk piti nan lèzè.
- (2) Vye Monn: (Ewòp, Afrik, Azi sèlman) ; Nouvo Monn: Ewòp, Afrik, Azi rankontre ak Lamerik.

